

## Enfòmasyon pou Paran ak Responsab Legal

# Egzamen Depistaj Oksimetri Poul pou Maladi Kè Konjenital Kritik (Critical Congenital Heart Disease, CCHD)

## Kisa Egzamen Depistaj yon Tibebe ki Fèk Fèt ye?

Pifò tibebe yo fèt an sante san yo pa gen pwoblèm ki grav. Egzamen depistaj tibebe ki fèk fèt yo se yon fason pou jwenn tibebe ki gen pwoblèm medikal ki bezwen tretman ijan. Oksimetri poul nan egzamen depistaj tibebe ki fèk fèt yo kapab ede jwenn pwoblèm kè ki kritik sou tibebe ki fèk fèt yo.

## Kisa Maladi Kè Konjenital Kritik ye?

Maladi Kè Konjenital Kritik (CCHD) se yon pwoblèm medikal ki rive nan kè yon tibebe oswa nan veso sangen prensipal ki toupre kè a epi ki pa fòmè kòrèkteman. Kè a ka pa fonksyone byen epi ka pa gen ase oksijèn nan san an.

## Pou kisa li enpòtan pou fè egzamen depistaj tibebe yo pou CCHD?

Kèk tibebe ki gen yon malfòmasyon kadyak kapab parèt an sante okòmansman. Si doktè voye tibebe sa yo lakay yo anvan yo jwenn pwoblèm tibebe yo, tibebe sa yo ap arisk pou yo gen maladi grav oswa pou yo mouri.

## Kijan yo fè egzamen depistaj pou CCHD?

Oksimetri poul, ki rele pafwa oks poul, se yon tèst doktè fè pou detèmine kantite oksijèn ki nan san tibebe a, epitou pou detèmine kijan kè tibebe a bat. Oksimetri poul se yon egzamen ki fèt rapid, li fasil epi li pa fè tibebe a mal. Yo vlope yon ti detektè mou toutotou men ak pye tibebe a pou mezire batman kè li ak nivo oksijèn ki nan san an. Nan egzamen depistaj inivèsèl tibebe ki fèk fèt, chak tibebe ki fèt nan Eta New York ap gen yon depistaj oksimetri poul apre 24 èdtan lavi li pou yo wè si gen siy CCHD. Si yo rete tann 24 èdtan sa ap pèmèt kè ak poumon tibebe yo ajiste lavi yo nèt deyò manman an.

## Kisa k ap pase si chif oksimetri poul la ba?

Kèk tibebe ap gen yon chif nivo oksijèn ki ba. Doktè ou ap detèmine si lòt tèst nesèsè pou chèche CCHD, tankou yon iltrason kè a (ki rele ekokadyogram oswa eko kè a tou). Yon chif oksijèn ki ba pa toujou vle di tibebe a gen CCHD. Kèk tibebe ki an sante kapab gen yon chif oksimetri poul ki ba pandan kè yo ak poumon yo ap ajiste apre yo fèt. Kapab gen lòt pwoblèm medikal ki kapab lakòz tibebe ou gen yon rezilta tèst oksimetri ki ba.

## Kisa paran yo bezwen konnen?

Pifò tibebe ki pase egzamen depistaj oksimetri poul la p ap gen CCHD. Men kèk siy avètisman tout paran yo ta dwe siveye: koulè ki sanble ble nan lèw oswa po tibebe, son gwondman, respirasyon rapid, tibebe a manje mal, li dòmi san rete, epi li mal pou gwosi. Si ou remake nenpòt nan siy sa yo nan tibebe ou, tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante tibebe ou touswit.

## Kimoun mwen kapab kontakte si mwen gen lòt kesyon konsènan egzamen depistaj tibebe mwen pou CCHD?

**Poze doktè tibebe ou kesyon sou egzamen depistaj tibebe ki fèk fèt oswa ale sou sitwèb CDC nan:**  
[www.cdc.gov/ncbddd/pediatricgenetics/pulse.html](http://www.cdc.gov/ncbddd/pediatricgenetics/pulse.html)

